



# NOU KAPAB EDE OU, NY

Pwogram Asistans pou Lokasyon an Ijans Eta New York

## PWOTEKSYON LWAYE

Pwogram Èd Ijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) bay soulajman ekonomik pou ede fanmi ki gen revni ki ba ak revni mwayen yo ki gen risk pou vin sanzabri oswa ki gen enstabilitè lojman yo lè li bay èd pou aryere lwaye, lwaye tanporè ak èd pou aryere sèvis publik. Ak soulajman sa, yo bay lokatè ak pwopriyetè yo alafwa pwoteksyon k ap patisipe nan pwogram nan.

### PWOTEKSYON POU LOKATÈ YO

Yo pa ka mete lokatè ki aplike pou ERAP yo deyò paske kontra lwaye yo ekspire, oswa paske yo pa peye lwaye a pandan pandemi COVID-19 la. Si yon pwopriyetè refize bay enfòmasyon ki nesesè pou konplete yon aplikasyon oswa refize aksepte finansman yo, y ap bay lokatè a yon lèt ke li ka montre pou ede estope ekspilisyon an. Depi yon pwopriyetè aksepte yon pèman ERAP, yo pa ka mete lokatè a deyò paske li pa peye lwaye pandan peryòd ki kouvri a oswa akoz yon kontra ki ekspire pandan 12 mwa ki vini apre peman sa. Men, lokatè yo rete responsab pou peye tout lwaye yo te dwe anvan pandemi COVID-19 la oswa ki pa kouvri pa peman ERAP la.

### PWOTEKSYON POU PWOPRIYETÈ YO

Kòm yon kondisyon pou resevwa yon peman ERAP, yon pwopriyetè dwe dakò pou finansman sa yo satisfè tout obligasyon lwaye lokatè a pou peryòd ki kouvri a. Akò sa pa vle di ke yon pwopriyetè k ap patisipe pa ka mete yon lokatè deyò ankò pou lòt rezon. Si yon lokatè dwe aryere lwaye depi avan pandemi an, oswa li pa peye lwaye alavni, yo otorize yon pwopriyetè a kòmanse pwoesisis pou mete l deyò lè nenpòt moratwa ki aplikab la ekspire. Epi byenke pwopriyetè yo pa ka mete yon lokatè deyò pou yon kontra ki ekspire oswa kontra ki gen tan detèmine, nan 12 mwa ki vini apre resi pèman ERAP la, akò sa pa entèdi yo demare pwosed pou mete l deyò pou lòt motif. Pwoteksyon kont ekspilisyon sa yo pa aplike lè yon inite nan yon biling ki genyen kat inite oswa mwens, epi lè pwopriyetè a oswa yon manm fanmi pwòch gen entansyon pou okipe inite a kòm yon rezidans prensipal touswit.

**Aplikasyon yo kapab soumet sou entènèt nan [nysrenthelp.otda.ny.gov](http://nysrenthelp.otda.ny.gov).**

Pou plis enfòmasyon, vizite [otda.ny.gov/ERAP](http://otda.ny.gov/ERAP)  
oswa rele nan **844-NY1RENT** (844-691-7368)



Office of Temporary  
and Disability Assistance